

Gid Pou Konbat Parazit ak Grenn Papay



Yon fwi nan lajè sa a ka bay twa trètman antiparazit

Doz grenn papay

Doz (pou granmoun ak timoun): 2 ti kiyè grenn ki sèk ou kraze ou 4 ti kiyè grenn vèt oubyen grenn antye

Prevansyon: Pran yon doz yon sèl fwa. Si sa posib, pran sa ak yon vant ki vid. Trètman: Pran yon doz chak jou pou 1 semèn, pa pran anyen pandan 2 semèn, e pran yon doz chak jou anko pandan 1 semèn.

Trètman: Pran yon doz chak jou pou 1 semèn, pa pran anyen pandan 2 semèn, e pran yon doz chak jou anko pandan 1 semèn.

Entwodiksyon: Eske ou bezwen yon remèd pou parazit ki efikas e ki pa koute chè? Oubyen eske ou pito pran yon remèd natirèl, si li efikas? Nan ka sa, ou bezwen sèvi ak grenn papay.

Yon etid ki te fèt nan peyi Nijerya te dekouvri ke grenn papay gen menm efikasite ak grenn famasi e li pa pwodui okenn efè segondè. Apre yon sèl doz, grenn papay yo te retire ant 71 e 100% nan parazit nan kò pasyan yo.

Parazit konn rantre nan entesten moun pi souvan pase moun kwè, menm nan peyi devlope. Non sèlman yo ba moun vant fè mal e fè yo pèdi pwa, men yo kapab afekte konsantrasyon e eta mantal yon moun. Yo kapab lakòz yon moun gen malnitrisyon ak tout pwoblèm sa pote. Nan kèk peyi k'ap devlope toujou, enfeksyon parazit kapab tounen yon epidemi. Se sa k' fè li bon pou moun konnen ke grenn papay, ki soti nan fwi papay la, kapab touye parazit. Konsa, menm moun ki pi pòv yo kapab gen aksè a yon trètman ki efikas e ke kò a kapab sipòte.

Preparasyon: Malgre etid rechèch la te sèvi ak grenn moule ki chèch, pi bon fason pou pran grenn papay se pou moule li lè li vèt. Pou moun ki pa abitye ak grenn nan, li gen yon move gou e li anmè anpil. Anpil moun pa ka manje li pou kont li. Nan etid la, yo te melanje li ak siwo myèl. Mwen renmen manje li konsa plis pase pou kont li, men menm ak siwo myèl la, gou a toujou anmè. Kèk moun konn blende yo pou fè yon ji ak yo. Ou kapab vale yo tout antye tou, tankou si ou t'ap bwè yon grenn remèd.

Si li pa posib pou ou pran grenn yo apre ou fin rekòlte papay la, ou mèt cheche yo. Pita, ou kapab moule e bwè yo. Mwen renmen melanje grenn chèch ak manba, men mwen sispèk sa rann trètman an mwen efikas. Nou konnen grenn papay gen anzim pwoteyolitik ladan li. Sa vle di, anzim yo dijere pwoteyin. Se sa k' fè, yo konn sèvi ak grenn papay pou ede ak pwoblèm endijesyon lè gen moun ki mal pou dijere gwo manje lou. Piske se menm anzim sa a ki touye parazit, li posib ke manje ki gen anpil pwoteyin, tankou manba, kapab konsome pati grenn nan ki trete vant lan. Se sa k' fè, ou dwe sèvi ak prekosyon lè ou melanje grenn yo ak manba oubyen yon lòt manje ki gen anpil pwoteyin ladan li.

Yon nouvo etid sikjere ke grenn yo kraze, sèk ka melanje nan yon labouyi epi lap toujou kenbe efikasite yo².



Grenn papay ki moule e sèk melanje ak siwo myèl. Li efikas men li gen gou anmè.

Prekosyon: Le pli souvan, efè segondè grenn papay la pwodui se yon vant ki deranje. Si sa rive ou, ou kapab redui doz la jiskaske ou kapab tolere li ankò. Pa bliye ke parazit ak lanmò parazit kapab deranje vant ou tou. Se sa k' fè, yon vant fè mal kapab yon bon siy ke tretman an ap mache. Li posib ke si yon moun ap bwè grenn papay chak jou pou anpil tan, tankou plizyè mwa, sa kapab rann li enfètil, kit li fi kit li gason. Men, efè sa pap dire pou lontan e sa pa ta dwe anpeche yon moun bwè grenn nan pou parazit. Nou pa konnen si fanm ansent oubyen manman k'ap bay tete ta dwe bwè grenn yo. Nan kèk ka ki ra, gen moun ki konn gen yon reyaksyon alèjik a grenn yo. Alèji a ka pwodui yon eripsyon nan po, fè moun nan grate, oubyen anfle lè ak bouch moun nan. Pou evite reyaksyon sa yo, moun nan gen dwa pran yon ti doz tou piti kòm eprèv.

Kèk papay ki grandi Ozetazini modifiye nan jenetik yo (yo rele sa GMO). Nou dwe evite papay sa yo. Nou poko konnen si grenn yo efikas kont parazit. Pandan m'ap ekri sa, yo sèlman pwodui papay GMO nan eta Hawaii. Yo rele yo pa non sa yo: Rainbow, Sun Up, Strawberry, e Sunrise.

Detay Etid la: Nan etid la ki te fèt nan peyi Nijerya, yo te melanje 4 gram grenn papay ki te seche nan lè a ak 20 mililit siwo myèl e pasyan yo te pran yon sèl doz. Yo te fè 2 gwoup rechèch. Chak gwoup te gen 30 ti moun ant 3 e 6 an daj. Tout ti moun nan etid la pa te gen sentòm, men yo te jwenn parazit mikwoskopik nan watè yo tout. Yo te bay yon gwoup grenn papay ak siwo myèl, e yo te bay lòt gwoup la siwo myèl sèlman. Yon semèn pita, yo te teste watè yo tout pou wè si te gen parazit. Pami sa yo ki te resevwa grenn papay yo, yon mwayèn 76,7% pa te gen parazit ankò. Nan sa yo ki te resevwa siwo myèl sèlman, sèlman 16,7% pa te gen parazit ankò.

Doz: Nou pa konnen ki doz grenn papay ki se yon doz ideyal. Gen kèk sous ki di ou kapab bwè 10 grenn alafwa sèlman. Gen lòt moun ki rekòmande 1 ou 2 kiyè grenn vèt. Si ou vle itilize menm doz yo te bay nan etid la, ou kapab sèvi ak de kiyè won ranpli ak grenn sèch oubyen 4 kiyè won ranpli ak grenn vèt.

Nan etid la, se yon sèl doz yo te bay moun yo. Men, si ou kwè ou gen yon enfeksyon parazit ki aktif, ou gen dwa bay yon tretman ki dire plis tan. Li bon pou repete tretman an apre 2 semèn, paske sa eradike nenpòt parazit ki te ze toujou pandan ou t'ap fè premye tretman an.



Yon kiyè won ranpli ak grenn papay ki moule e sèch

Referans:

1. Okeniyi J, Ogunlesi T, Oyelami O, Adeyemi L; 2007; Effectiveness of dried Carica papaya seeds against human intestinal parasitosis; Journal of Medicinal Food; 10(1): 194-196.
2. Kugo M et al; 2018; Fortification of Carica papaya fruit seeds to school meal snacks may aid Africa mass deworming programs: a preliminary study; BMC Complementary and Alternative Medicine; 18:327.

Dwa Lisans: (c) 2016, Roger Gietzen. Tout dwa rezève. Se pou piblikasyon sa rete gratis pou distribye bay moun nan tout monn nan. Ou gen dwa enprime kopi papye dokiman sa ou pataje fòm elektronik li a, toutotan ou fè sa gratis ou pou yon pri ki jis. Ou pa dwe sèvi ak li pou objektif komèsyal oubyen pou fè pwofi. Se pou dokiman sa rete nan fòm orijinèl li a ak matyè orijinèl li yo. Si ou vle tradui gid la, ou gen dwa fè sa san ou pa bezwen mande pèmasyon pou sa. Si ou tradui li, silvouple voye mwen yon kopi tradiksyon an pou mwen kapab pataje li ak lòt moun (roger@healthy-mind-body.com). Ou kapab telechaje vèsyon ki pi a jou a nan:

http://www.healthy-mind-body.com/humanitarian/gid_parazit_grenn_papay.pdf.